



**PWOSÈ VÈBAL OFISYÈL REYINYON VITYÈL  
KOMITE LEKÒL BOSTON NAN**

**14 Desanm 2022**

Komite Lekòl Boston nan te òganize yon reyinyon vityèl 14 Desanm 2022 a 5 p.m. sou Zoom. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, ale sou [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee), imèl [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oswa rele Biwo Komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

**PREZANS**

Manm Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael D. O'Neill; Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Lorena Lopera; ansanm ak Rafaela Polanco Garcia.

Manm Komite Lekòl ki Absan yo: Quoc Tran; ansanm ak reprezantan elèv yo, Diego Mehta.

**DOKIMAN YO TE PREZANTE**

Ajanda

Rapò Reyinyon: 7 Desanm 2022

Memo pou Komite Lekòl la Konsènan: Negosiyasyon Gild Administratif

Pwotokòl Akò Gild la, Anvigè depi 1ye Septanm 2020 jiska 31Out 2022

Pwotokòl Akò Gild la, Anvigè depi 1ye Septanm 2022 jiska 31 Out 2024

Prezantasyon Powerpoint sou Pwopozisyon pou Chanje Non Lekòl la ak Non Espas yo

Memo konsènan: Modifikasyon Règleman Komite Lekòl la: 2023 Dat Reyinyon pou Òganizasyon an

Memo sou Mizajou Finansyè

Deklarasyon Enpak sou Ekite sou Mizajou Finansyè

Prezantasyon Mizajou Finansyè a, Ane Fiskal 2022 - Ane Fiskal 2024

Fon Jeneral pou Mizajou Bidjè mwa Oktòb Ane Fiskal 2023 a

14 Desanm 2022

Rezime Mizajou Bidjè mwa Oktòb Ane Fiskal 2023

Sibvansyon ki Pa Sibvansyon ESSER pou Mizajou Bidjè mwa Oktòb Ane Fiskal 2023 a

## RAPÈL A LÒD

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman fidelite. Madam Sullivan te fè apèl. Mesye Tran ak Mesye Mehta te absan. Mesye Cardet-Hernandez ansanm ak Mesye O'Neill te absan Nan apèl nominal la men yo te rejwenn seyans egzekitif ki ankou a. Tout lòt manm yo te prezan.

Madam Robinson te anonse ke Komite a ta pral imedyatman ranvwaye yon seyans egzekitif pou diskite sou estrateji ki konsène negosiyasyon kolektif la avèk Gild Administratif la, Seksyon 888 SEIU a ansanm ak United Steelworkers nan non Seksyon 2936 la (Monitè Bis yo). Depi w fè diskisyon sa nan yon reyinyon ki louvri, sa kapab gen efè negatif sou pozisyon negosiyasyon Komite a. Li te di ke Komite a t ap retounen nan seyans piblik la a 6 p.m.

## REPÒTE NAN SEYANS EGZEKITIF LA

*Apwouve* - Nan apèl nominal la, Komite a te apwouve nan inanimite yon mosyon pou ranvwaye seyans egzekitif la pou diskite sou estrateji ki konsène negosiyasyon kolektif la avèk Gild Administratif la, Seksyon 888 SEIU a ansanm ak United Steelworkers nan non Seksyon 2936 la (Monitè Bis yo)

## RETOUNEN NAN SEYANS PIBLIK AK APÈL NOMINAL

Prezidan Robinson te refè reyinyon an an seyans piblik a anviwon 6:07 p.m. Madam Robinson te anonse ke Komite a te fèk retounen sot nan yon seyans egzekitif pou diskite sou estrateji ki konsène negosiyasyon kolektif la avèk Gild Administratif la, Seksyon 888 SEIU a ansanm ak United Steelworkers nan non Seksyon 2936 (Monitè Bis yo)

Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a ap difize andirèk sou Zoom. Epi li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Epi, y ap pibliye l sou [bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://bostonpublicschools.org/schoolcommittee) ak sou Youtube. Li te anonse ke gen sèvis entèpretasyon similtane ki te disponib nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vèdyen, Vyetnamyen, Kantonè, Mandaren, ak Lang Siy Ameriken (American Sign Language, ASL) epi te founi konsiy sou kòman pou gen aksè ak entèpretasyon similtane nan chanje chanèl Zoom nan. Yo te pibliye dokiman reyinyon ki tradui yo nan [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee) avan kòmansman reyinyon an.

## APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON AN

14 Desanm 2022

*Apwouve* – Nan apèl nominal la, Komite a te apwouve nan inanimite pwosedi vèbal reyinyon Komitye Lekòl la te fè nan dat 7 Desanm 2022 a.

## RAPÒ SIPÈRENTANDAN AN

*Lè yo te fin prè nèt pou yo kòmanse.*

Mèsi, Madam Prezidan. Bonswa tout moun. Avan nou kòmanse, mwen vle souliye ke jodi a se dizyèm anivèsè Sandy Hook. Sa gen dis lane depi nou tout te obsève kòman 26 timoun ansanm ak anlwaye inosan te pèdi lavi yo akòz vyolans ak zam ki pa fè sans. Nou p ap janm bliye imaj ak vizaj sa yo ansanm ak enpresyon dirab yo te fè sou nou antanke edikatè ak sou kominote lekòl nou an. Tanpri, an nou obsève yon moman silans ansanm avèk mwen.

*[MOMAN SILANS]*

Youn nan priyorite m se asire sekirite; kreye yon kilti lekòl ki san danje pou anlwaye, elèv ak fanmi nou yo. Nou kontinye evalyasyon fonksyonman nou, pwotokòl etablisman, ansanm ak pwosedi nou yo. Nou konprann ke travay sa mande efò tout yon vilaj se poutèt sa nou toujou rete an kominikasyon avèk lòt depatman yo nan vil la pou n kapab konn kòman pou n travay defason pwoaktif pou n rive diminye sou ensidan sa yo avan yo pwodui. Ekip mwen an te prezan semèn pase nan Odyans sou Vyolans ak Zam Konseye Vil la, Brian Worrell te òganize a nan lokal Lilla Frederick Pilot Middle School la. Reyinyon Konsèy Minisipal la te mete aksan sou nesosite nou pou n kontinye founi espas sipò ak gerizon pou jèn nou yo- nou pral kontinye fè pandan n ap antre nan sezon bidjetè a epi nou espere ogmante kantite travayè sosyal nou genyen yo.

Pandan sezon ete k ap vini an, nou pral kontinye sipòte elèv ak fanmi nou yo kote n ap fè travayè sosyal nou yo okipe sit lekòl yo pandan ete a epi n ap fè lòt travayè sosyal anplis yo jere entèvansyon kont kriz la an kolaborasyon avèk ajans yo nan vil la. N ap travay tou pou n pwolonje pwogram mantora yo ansanm ak opòtinite lidèchip ant kanmarad yo pandan mwa sezon ete yo. Epitou, nou pral travay avèk sant pou jèn yo nan rejyon lokal la pou n kapab founi espas ki san danje pou jèn yo kote yo santi yo byenveni.

Antanke yon direktè e fondatè lekòl, mwen konnen ki enpòtans sa genyen pou n konstwi konfyans ansanm ak bonjan relasyon avèk elèv ak fanmi nou yo, epi mwen pran angajman pou m travay avèk tout moun pou m kapab asire sa rive fèt. Lè m anvizaje angajman fanmi an ak kominote a, mwen vle pwolone travay nou atravè Liy asistans BPS la ak pou m ogmante Ekip Angajman Kominotè a. Mwen kwè ke lè n enplike elektè kle yo nan efò angajman nou yo nan yon fason ki solid, sa pral trase chimen an pou vin gen yon seri liy kominikasyon ki plis louvri, sitou nan sa ki gen pou wè ak reyinyon kominotè pou anvizaje fizyon, aksè nan resous ke Sèvis Dakèy yo ofri, ak pou n resevwa konsèy ak kòmantè kontini kominote a sou pwosesis Chwa lekòl la.

Konsènan lavni, mwen kontan pou kèk travay nou lanse nan lòt domèn yo tou:

14 Desanm 2022

- Nou gentan kòmanse planifye pou Ete 2023. Nou apiye sou sa nou te aprann pandan ane ki sot pase a pou n: pwolonje pwogram patnè yo kote nou te gen anpil demann yo, louvri enskripsyon pi bonè toujou pa rapò ak ane pase nan objektif pou enskripsyon an louvri disi mitan mwa Mas, olye de mwa Avril, ak pou n amelyore zouti enskripsyon nou yo pou moun kapab gen aksè ak yo byen fasil nan tout lang.

Pandan n ap antre nan nouvo ane a, y ap prezante Komite Lekòl la plizyè rapò ak rekòmandasyon enpòtan Konsèy Great City Schools la voye konsènan sekirite ak transpò ki pral ede enfòmè sou travay nou nan Distri a. Kòm rapèl, n ap fè w konnen rapò sa yo fè pati Plan pou Amelyorasyon Sistematik la. Distri a pral kreye yon seri plan adaptasyon pa rapò ak rekòmandasyon sa yo. Lekòl nou yo dwe se yon seri anviwònman aprantisaj ki san danje pou elèv nou yo.

Mwen ta renmen pran yon moman tou pou m abòde yon kesyon ki konsène yon lèt Komisyon Finans Vil Boston nan te voye ban nou. Nou pran angajman nou oserye pou n mennen tout elèv lekòl ak pou n pase chèche yo sot lekòl nan tout mezi sekirite e pou n fè sa atan epi pou n kontinye travay pou n amelyore sistèm transpò nou an. Mwen te revize lèt la epi m te diskite sou enkyetid ki eksprime ladan l yo avèk ekip la.

Kontra transpò aktyèl la ap fini 30 Jen 2023. BPS ansanm ak Vil la gen plis pase yon lane depi y ap travay san kanpe nan kad yon pwosesis plizyè ane pou yo kapab prepare yon envitasyon pou apèl dòf pou pwochen kontra transpò a k ap kòmanse 1ye Jiyè 2023 a. Yo te elabore envitasyon pou apèl dòf la an kolaborasyon avèk ekspè nan domèn endistri yo ansanm ak kominote konsiltatif entè-BPS ak Vil la pou asire ke pwochen vandè a byen plase pou li reponn ak bezwen transpò elèv Boston yo. Se poutèt sa a ,envitasyon pou apèl dòf la te vrèman evolye pa rapò ak kontra aktyèl la, pou yo kapab reflekte dimansyon ak echèl operasyon transpò an aktyèlman, pou aliye ensitasyon pou pèfòmans yo pou amelyore rezilta operasyonèl yo, ak pou reyalize objektif estratejik alontèm distri a ak pou reponn bezwen transpò yo.

Nou rete kwè ke pwosesis apèl dòf la te konpetitif epi apèl dòf Transdev ban nou an reponn ak tout espesifisite apèl dòf yo. Nou mentni yon seri nòm apwovizyonman ki elve, epi n ap prepare aktyèlman yon repons fòmèl pou lèt Komisyon Finans lan epi pou n òganize yon reyinyon.

Lè nou pale de sekirite, nou p ap pale sèlman de ensidan men n ap pale tou de asire sante elèv ak anplwaye nou yo. Jan nou te prevwa sa a, nou remake gen yon ogmantasyon ki fèt nan ka COVID-19 yo rapòte yo ansanm ak lòt maladi respiratwayo tankou Grip ak RSV, apre vakans Fèt Aksyon Degras (Thanksgiving) la. Nou kontinye jere kantite ka nou genyen yo san pwotokòl aktyèl nou yo. Etan done ke nou kontaste ke gen yon ogmantasyon ka isit la nan Boston, sitou yon gwo ogmantasyon nan dlo ize yo, epi kantite yo ap ogmante toupatou nan peyi a, n ap travay sere sere avèk Komisyon Sante Piblik Boston (Boston Public Health Commission, BPHC) lan pou n konsidere kantite mezi potansyèl siplemantè pou n diminye sou ka yo apre vakans ivè a.

Diskisyon sa yo pral petèt lakoz gen modifikasyon ki fèt nan pwotokòl aktyèl nou yo, men nou poko pran desizyon final sou kisa chanjman sa yo pral ye. Nou gen plis reyinyon pou demen ak Vandredi avèk BPHC epi nou espere pou desizyon yo pran nan jou k ap vini yo. N ap kominike

**14 Desanm 2022**

tout modifikasyon ki fèt nan pwotokòl aktyèl nou yo avèk anplwaye yo, fanmi yo ak elèv yo kòmansman semèn pwochèn si sa nesèsè. Nou kontinye ofri tès rapid gratis pou chak elèv ak manm anplwaye chak semèn epi pou n kontinye fè tès sentomatik nan lekòl la, nou gen pwotokòl netwayaj nou yo anplas epi nou kontinye mete aksan sou enpòtans lave men ak etikèt respiratwa genyen. Chak grenn lekòl gen ase mask ak PPE pou 3 mwa epi nou gen plis mask ki estoke nan biwo santral nou si lekòl yo ta bezwen plis. N ap evalye done yo tou epi nou anvizaje fè ajisteman nan pwotokòl nou yo pwiske anpil nan nou ka sonje Janvye ane pase lè nou te gen gwo pwoblèm anplwaye apre vakans ivè a akòz te gen yon gwo pik ki te fèt nan ka COVID-19 yo.

N ap prepare nou kounya pou kèk pwoblèm anplwaye ki ta ka genyen pandan n ap ogmante rezèv pwofesè ranplasan nou an, kote n ap ofri yon bonis \$250 pou pwofesè ranplasan yo pou chak 10 jou yo travay, pandan n ap travay sou yon plan pou deplwaman potansyèl biwo santral la si yo bezwen yo epi pou n mete anplas menm kadans reyinyon 3 fwa pa jou ke nou te genyen ane pase a kote te gen yon ekip entè fonksyonèl k ap siveye sante ak sitiyasyon anplwaye yo.

Nou tout gen yon wòl enpòtan pou n jwe lè nou retounen sot nan vakans:

- Itilize kit tès nou bay yo avan w retounen.
- Si w malad, rete lakay ou.
- Lave men w epi itilize bonjan etikèt respiratwa.
- Siye espas moun touche anpil yo trè souvan.

Mwen vle remèsye ekip sèvis sante BPS nou an, enfimye lekòl nou yo ansanm ak Komisyon Sante Piblik Boston pou kolaborasyon ak patenarya kontini yo. Ane ki sot pase yo te vrèman difisil, men pwiske nou toujou santi ke “sa konsène nou tout”, sa te pèmèt nou kontwole, planifye epi aplike estrateji diminisyon ki apwopriye yo kote yon moman patikilye egzije yo pou n kapab asire sante ak sekirite elèv ak anplwaye nou yo.

Si gen yon bagay ki konsistan konsènan pandemi sa a, se ke bagay yo pral kontinye chanje. Nou nan yon moman ki diferan pou kounya pa rapò ak sa nou te wè nan kòmansman ane lekòl la kidonk nou dwe reyevalye pwotokòl nou yo epi pou n pote chanjman ki apwopriye yo selon done yo. Jan mwen te di sa okòmansman an, pa t gen okenn desizyon final ki te pran ki konsène okenn chanjman nou ta pote, n ap reyini ankò avèk Komisyon Sante Piblik Boston nan demen ak Vandredi epi nou pral kominike tout modifikasyon nan pwotokòl nou yo disi kòmansman semèn pwochèn. Nou pral pran tout desizyon yo selon done nou genyen yo ak selon rekòmasyon pwofesyonèl sante nou yo.

Yon lòt domèn kle nan vizyon m se akselere pèfòmans akademik ak ranfòse aksè nan aprantisaj sosyal emosyonèl. Mwen te gen opòtinite pou m pale ak elèv ki nan klas 7yèm ak 8yèm ane yo nan Umana nan kad Inisyativ Big Cheese Boston Partners in Education nan. Inisyativ Konferansye Envite Big Cheese la angaje yon seri lidè kle pou pataje ak ekspozè elèv yo ak plizyè karyè diferan. Li enpòtan pou n ekspozè elèv nou yo ak plizyè pèspektiv ak pakou pwofesyonèl diferan pandan y ap grandi, aprann ak pwospere nan distri nou an.

Travay n ap fè atravè Green New Deal la reprezante yon lòt egzanp. Travay sa vize founi yon garanti kalite ak founi yon seri espas ki enklizif epi ki dirab pou elèv ak fanmi nou yo. Nou rekonèt ki enpòtans sa genyen pou n kolabore avèk kominote a ansanm ak fanmi yo nan sa ki gen

14 Desanm 2022

pou wè ak planifikasyon ak vizyon pandan n ap reyalize travay sa a. Nou te rive atenn yon lòt etap nan travay sa gras ak seremoni kloti a ansanm ak siyati pa feso a nan Josiah Quincy Upper School. Mwen te prezan avèk Majistra Wu, Responsab Lekòl JQUS yo, Richard Chang ak Stephen Cirasuolo, Kerrie Griffin, Jim MacDonald ansanm ak Komite Lekòl la ak paran JQUS la Rafa Polanca Garcia pou selebre etap sa a. Mwen pa kapab di w nan ki nivo elèv yo te fyè ak kòman yo pa ka tann pou yo planifiye evènman yo ak selebre lè pwojè a fini. Mwen konprann ke travay sa lakoz yon enkonvenyan akoutèm pou fanmi nou yo men nouvo batiman an pral kite yon enpak dirab pou jenerasyon k ap vini yo. Nou rekonèt ki enpòtans sa genyen pou n kolabore avèk kominote a ansanm ak fanmi yo nan sa ki gen pou wè ak planifikasyon ak vizyon pou genyen yon espas ki ajou.

Epitou, se te avèk yon gran plezi pou n travay avèk gadyen yo sou Koleksyon Jwèt pandan Jou Konje nou fè Chak Ane a nan Bolling. Nou di tout moun ki te pote kado pou simaye lajwa nan kè timoun ki nan bezwen yo pandan sezon konje a mèsì.

Samdi sa ki sot pase a, fanmi yo te patisipe nan Prezantasyon Lekòl yo nan Boston Latin Academy, kote yo te kapab konekte ak tout opsyon enskripsyon yo genyen yo nan yon menm espas. Nou remèsye tout responsab ak anplwaye lekòl ki te prezan pou reponn kesyon sou lekòl yo a ak sou pwosesis enskripsyon an. Enskripsyon an kòmanse 4 Janvyè epi l ap kontinye pou jiska 3 Fevriye pou klas K0, K1, K2 (ki nouvo), 6yèm, 7yèm\* ak 9yèm ane. Tout lòt klas yo ap enskri apati mwa Fevriye a, epi n ap retounen pandan nouvo ane a pou n pale plis sou tout delè sa yo.

M ap salye tou tout anplwaye ak elèv Toussaint L'Ouverture Academy ki fè pati Mattahunt Elementary School ki te resaman mansyone nan *The Boston Globe*. Akademi sa founi yon pwogram etid ki alafwa ann Anglè e an Kreyòl Ayisyen epi li se egzanjman angajman nou pou n pwolonje pwogram yo pou elèv ki pale plizyè lang nou yo.

Mwen te vle bay kèk mizajou tou sou amelyorasyon enpresyon yo ki fèt nan Madison Park Technical Vocational High School. Toudabò, m ap salye manm kominote Madison yo – elèv, fanmu, edikatè ak responsab lekòl yo—nou wè nou ansanm ak tout efò nou deplwaye nan lekòl nou an pou n kapab pote amelyorasyon.

Mwen te vle mete aksan sou kèk sous evidans ki pouse m kwè ke bagay yo ap amelyore:

- Madison Park te resevwa yon 1 milyon dola sibvansyon pou pwogram chapantye li an
- Kantite elèv k ap patisipe nan Co-OP yo te triple pandan de ane ki sot pase yo.
- Patisipasyon ak gradyasyon elèv yo nan RoxMapp Early Colleg te vrèman ogmante
- Madison Park te gen kantite elèv klas 9yèm ane ak paran ki pi elve a ki te patisipe nan Oryantasyon pou Freshman nou an pandan wuit ane ki sot pase yo.
- Done Learning Walk yo sijere ke aksè nan ansèyman rigoure a ogmante.
- Diskisyon sou Madison Park ki nouvo oswa ki renove a pwogrese avèk gwo nivo angajman.

Mwen te vle ankadre tou pou Komite Lekòl la yon pwochen ajanda konsènan yon politik admisyon pou lekòl la mwa pwochen. Nan mwa Jen 2022 a, Ekip Entèkansyon TVHS Madison Park la te fè plizyè rekòmandasyon bay ansyen Sipèrentandan an, Doktè Brenda Casselius. Youn nan rekòmandasyon sa yo

14 Desanm 2022

te konsène yon politik admisyon, kote DESE a egzije politik admisyon sa tou. Nan mwa Out 2022 a, Doktè Brown te fòme yon Komite Admisyon konfòmman ak rekòmandasyon sa a. Nan mwa Oktòb 2022 a, te gen yon seri reyinyon konjwent ki fèt pami anplwaye Biwo Santral la, administrasyon Madison Park la, ansanm ak Ekip Entèvansyon Madison Park la. Apre seyans sa yo, Komite Admisyon an te reyini pou yo kapab elabore yon estrateji. Pwosesis la te enklizif, kolaboratif epi li te angaje plizyè elektè diferan.

Ou pral tande yon prezantasyon sou bidjè a aswè a. Bidjè sa a, ansanm ak bidjè pou ane pwochèn nan gen pou tèm dirabilite, estrateji, ansanm ak rezilta elèv yo pandan n ap apwoche fen ESSER la epi nou kòmanse fè bonjan investisman nan domèn tankou enklizyon, edikasyon bileng, alfabetizasyon ekite, sipò sosyal emosyonèl ansanm ak jistis reparatris, pakou pou preparasyon inivèsite ak karyè ansanm ak angajman famiyal ak kominotè. Yo dwe elabore bidjè sa ansanm ak bidjè pou ane pwochèn nan avèk responsab lekòl yo ansanm ak kominote lekòl yo avèk yon gwo sipò biwo bidjè nan men biwo bidjè a, sipèntandan rejon yo, ansanm ak ajan lyezon rezo a. Chak domèn entèvansyon pral egzije nou rekadre bidjè a nan yon optik ekite ak enklizyon. Yè, nou te reyini tout responsab lekòl yo epi mwen te kapab pale avèk yo sou reyimajinasyon travay nou an nan tout distri a ansanm ak reyafimasyon angajman nou nan enklizyon ak ekite.

M ap remèsye Direktè Finansyè nou an, Nate Kuder ansanm ak tout ekip bidjè pou tout travay yo fè san pran souf pandan mwa ki sot pase a pandan n ap prepare sezon bidjè a epi pou n asire ke ekip nou yo, responsab lekòl nou yo ansanm ak kominote lekòl nou yo gen sa yo bezwen pou yo kapab pran meyè desizyon yo pou elèv nou yo.

Pandan n ap klotire dènye reyinyon Komite Lekòl la pou ane sa a, Mwen vle felisite ni Prezidan Robinson ni manm Komite Lekòl la, Tran, pou renouvèlman yo nan Komite Lekòl la. Prezidan Robinson ak Mesye Tran, elèv nou yo, fanmi nou yo ansanm ak kominote a miyò gras ak defans ak entansyonnalite ke nou toude pote sou tab la. M ap remèsye ankò chak grenn nan nou dèske nou sipòte travay nou an. Mwen rekonesan anvè angajman ou ansanm ak sipò kontini w bay ògàn direktè sa a. Mwen vrèman apresye angajman kontini w ansanm ak volonte w pou n fè konvèsasyon respektive e enfòm sou travay la. Mwen kontan anpil pou sa ki pral vini epi mwen gen espwa pou vwayaj nou gen pou n fè a.

---

Manm yo te felisite Madam Robinson ak Mesye Tran sou renouvèlman yo nan Komite a.

Doktè Alkins te poze m kesyon sou pwotokòl sou sante ak sekirite konsènan COVID yo ak sou mak pwofesè nou ka petèt genyen apre sezon vakans lan. Sipèntandan an te di ke sipèntandan lekòl yo toujou ap kontwòle kouvèti pèsònèl epi y ap chèche done ane pase yo kòm yon pwen referans. Konsye Prensipal la, Megan Costello ansanm ak Direktè Prensipal Sèvis Sante yo, Djenny Lobo Lopes te bay yon mizajou sou travay kontwòl ak planifikasyon distri a an kolaborasyon avèk Komisyon Sante Piblik Boston nan. Yo defini epidemi yo kòm twa oswa plis ka nan yon salklas pandan yon peryòd ki dire sèt jou.

14 Desanm 2022

Madam Lopera te mande kòman pwopozisyon Transdev la rive reponn ak bezwen BPS yo. Sipèrèntandan an te eksplike ke pwopozisyon an prevwa responsablite pou mezi ki manke yo nan domèn kle yo. Direktè Adjwen Transpò a, Dan Rosengard, te di ke anplwaye distri yo te elabore BID an kolaborasyon avèk ekspè nan domèn endistri yo pandan yon ane pou yo rive konsewva kritè minimòm yo, ansanm ak tout kalifikasyon pou jere fonsyònman konplèks Boston yo.

Madam Polanco Garcia te di ke li te tande enkyetid fanmi yo genyen konsènan bonjan vantilasyon. Sipèrèntandan Fonksyònman Adjwen an, Sam Depina ansanm ak Direktris Fonksyònman an, Indira Alvarz te eksplike ke yo chanje filt lè yo de fwa pa ane pandan ke yo chanje filt MERV yo chak ane. Yo te dakò fè swivi pou yo jwenn plis enfòmasyon sou lekòl ki itilize filt lè MERV yo. Madam Polanco Garcia te poze kesyon sou absanteyis ak sou opsyon ki genyen pou elèv yo kapab retrape travay yo rate a. Sipèrèntandan an te di ke elèv yo gen aksè ak lesou patikilye anliy epi yo kapab travay avèk pwofesè yo pou yo kapab jwenn sipò anplis lè yo absan. Direktè Lekòl yo, [Drew Echelson](#) te eksplike pwotokòl ki anplas pou yon moun ratrape travay li rate a. Li te di ke li pral fè swivi avèk sipèrèntandan lekòl yo sou enkyetid Madam Polanco Garcia genyen sou travay ratrapaj la.

Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou objektif distri a genyen yo pou pwogram pandan ete yo. Sipèrèntandan an te di ke li vle wè yon ogmantasyon pousantaj fèt nan kantite pwogram yo an jeneral, ansanm ak yon ogmantasyon nan nivo aksesibilite pou elèv k ap itilize plas yo. Li vle wè amelyorasyon fèt tou nan kominikasyon ak sansibilizasyon, kote sa ap senplifye pwosesis enskripsyon an. Responsab Kapital Imen pa Enterim nan, Rae Catchings te eksplike ke BPS aktyèlman gen anviwòn 200 pòs vid pou pwofesè epi gen yon tijan mwens pase 400 pwofesè ki nan pwosesis renonsiyasyon an. Mesye Cardet-Hernandez te mande pou yo repati pwofesè ki pa gen lisans yo nan matyè debaz yo. Madam Catchings te dakò fè swivi enfòmasyon yo.

Doktè Alkins te mande pou yon mizajou fèt nan Grenn New Deal la. Mesye Depina te di ke tablodbò done sou etablisman yo ankou.

Madam Lopera te poze kesyon sou delè pou yo aplike rekòmandasyon pou edikasyon espesyal Konsèy Great City School la te fè yo. Sipèrèntandan an te eksplike ke gen yon chevochman nan kèk rekòmandasyon pou edikasyon espesyal ansanm ak Biwo Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl (Office of Multilingual and Multicultural Education, OMME) la. Sipèrèntandan Adjwen Prensipal Ansèyman an, Linda Chen te di ke ekip la pral prevwa enfòmè Komite Lekòl la pandan nouvo ane a sou ni edikasyon espesyal la ni sou OMME a, epi l ap enfòmè l tou sou anbochman yon Konseye Prensipal pou Edikasyon Espesyal.

Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou absans kwonik. Sipèrèntandan an te pwopoze bay yon mizajou pandan nouvo ane a epi li te diskite sou estrateji pou reyengajman yo. Li te fè elòj pou Brighton ak Charlestown High Schools dèske yo ofri opòtinite fleksib pou elèv ki deraye yo.



14 Desanm 2022

Mesye O'Neill te di ke li pa ka tann pou l resevwa yon prezantasyon sou aplikasyon rekòmandasyon edikasyon espesyal yo pandan nouvo ane a, sa ki eksprime yon santiman ijans. Li te di ke li pa ka tann tou pou gen lòt diksyon sou kontra transpò a. Sipèrentandan an te pale tou de nesosite pou yo abòde pwoblèm ki lye ak sistèm yo defason reflechi e global. Mesye O'Neill te remèsye Madam Robinson ansanm ak Mesye Tran poutèt yo gen volonte pou yo bay sèvis.

Madam Robinson te ankouraje distri a kominike avèk fanmi yo byen avan enskripsyon an pou yo kapab ede fanmi yo planifye. Sipèrentandan an te dakò.

Madam Robinson te pale sou enpòtans sa genyen pou yo mete pi bon pwofesè yo devan elèv yo. Sipèrentandan an te dakò, kote li ajoute ke ekip la priyore sètifikasyon pou pwofesè yo nan matyè debaz yo.

*Apwouve* – Nan apèl la, Komite a te apwouve nan inanimite Rapò Sipèrentandan an.

## RAPÒ

***Akò sou Negosiyasyon Kolektif Tantatif ant Komite Lekòl Boston nan ak Gild Administratif la, Seksyin 888 SEIU a ansanm ak Demann Kredi Adisyonèl*** - Direktè Relasyon Travay Jeremiah Hasson te prezante pwen ki enpòtan yo sou akò sou negosiyasyon kolektif tantatif ki genyen ant Komite Lekòl Boston nan ak Seksyon 888 SEIU Gild Administratif la apati 2022-2022 ak 2022-2024.

Pwen fò yo nan Kontra 1 an: Dire: 1ye Septanm 2020 – 31 Out 2022 (salè sèlman-retwoaktif)

Salè yo:

- Ane Fiskal 2021: 2%
- Ane Fiskal 2022: 2,5%, plis yon pèman fòfetè inik 1 000 \$

Pwen fò yo nan Kontra 2L Dire an: 1ye Septanm 2022 – 31 Out 2024

Salè yo:

- Ane Fiskal 2023: 2,5%
- Ane Fiskal 2024: 2,5%

Mesye Hasson te prezante tou demann kredi adisyonèl pou Ane Fiskal 2023 a pou sipòte akò sou negosiyasyon kolektif yo:

- Demann Kredi Adisyonèl pou Ane Fiskal 2023 yon montan 703 939 \$ pou soutni de (2) Pwotokòl Akò pou Akò Negosiyasyon Kolektif Siksesè a pou Peryòd 1ye Septanm 2020 jiska 31 Out 2024 ant Administrative Guild, SEIU Local 888 ak Komite Lekòl Boston lan
- Demann Kredi Adisyonèl pou Ane Fiskal 2023 yon montan 1 283 486 \$ pou soutni de (2) Pwotokòl Akò pou Akò Negosiyasyon Kolektif Siksesè a pou peryòd 1ye Septanm 2021 jiska 31 Out 2024 ant Local Union No. 1952, Painters & Allied Trades, District Council No. 35 (Gadyen yo) ak Komite Lekòl Boston lan
- Demann Kredi Adisyonèl pou Ane Fiskal 2023 yon montan 164 448 \$ pou soutni de (2) Pwotokòl Akò pou Akò Negosiyasyon Kolektif Siksesè a pou Peryòd 1 Septanm 2020 jiska 31

14 Desanm 2022

Out 2024 ant New England Police Benevolent Association, Local 160 Boston School Police Patrolmen's Association ak Komite Lekòl Boston lan

Komite a dwe vote sou akò Gild yo ansanm ak demann kredi adisyonèl yo pa pita pase aswè a.

## KÒMANTÈ PIBLIK LA AN JENERAL

Robert Jenkins, rezidan e avoka nan Mattapan, te temwanye an favè pwopozisyon pou chanje non Madison Park Technical Vocational High School ak Mattahunt Elementary School/Mattahunt Community Center.

Ruby Reyes, rezidan Dorchester ak Direktè Egzekitif Alyans pou Jistis nan Edikasyon nan Edikasyon (Boston Education Justice Alliance, BEJA) la, te temwanye konsènan sekirite nan lekòl la.

Edith Bazile, rezidan e defansè nan Hyde Park, te temwanye konsènan ekite rasyal nan BPS.

Becky Reindel, rezidan Cambridge e reprezantan Sèvis Legal nan Greater Boston, te temwanye konsènan sekirite elèv yo.

Michael Heichman, rezidan Dorchester e manm BEJA, te temwanye konsènan ekite rasyal nan BPS.

Lauren Peter, rezidan Roslindale e paran nan Sumner Elementary School, te temwanye konsènan pwopozisyon fizyon ant lekòl Sumner ak Philbrick Elementary yo.

Ariel Adelman, rezidan e avoka nan Brighton, te temwanye konsènan ekite nan lekòl la pou timoun ak fanmi ki gen andikap yo.

Moun ki mansyone annapre yo te temwanye konsènan pwotokòl sou sekirite pou Covid yo:

- Cheryl Buckman, rezidan South Boston, paran nan BPS ak manm nan FamCoSA
- Betsy Yoshimura, rezidan East Boston e paran nan Umana Academy
- Suleika Soto, rezidan South End e manm BEJA, te li yon deklarasyon Sena Fakilte Enfimye a

## AKSYON

Mesye O'Neill te remèsye kominote lekòl yo dèske yo te angaje yo nan yon pwosesis reflechi pou chanjman non, pandan li te ajoute ke li te fyè pou l vote an favè pwopozisyon pou chanjman non yo. Madam Lopera te fè kòmantè li pase, pandan li souliye ke se kominote lekòl yo ki te mennen pwosesis la. Madam Robinson te ekspriye espwa ke gen kèk biyografi ki pral ekri sou kèk moun y ap onore.

14 Desanm 2022

**Apwouve** - Nan apèl nominal la, Komite a te apwouve nan inanimite rekòmandasyon Sipèrentandan an fè pou chanje non 27 espas nan Boston Arts Academy (BAA) pou onore moun ki te pote gwo kontribisyon nan BAA yo.

**Apwouve**- Nan apèl nominal la, Komite a te apwouve nan inanimite rekòmandasyon sipèrentandan an fè a pou chanje non de sal nan Madison Park Technical Vocational High School pou onore ansyen manm anplwaye yo, Charles McAfee ansanm ak Jose Solis.

**Apwouve** - Nan apèl nominal la, Komite a te apwouve nan inanimite rekòmandasyon sipèrentandan an fè pou chanje non yon sal nan Mattahunt Community Center/Mattahunt Elementary School pou onore militan kominotè a, Annie Kinhead.

**Apwouve** - Nan apèl nominal la, Komite a te apwouve nan inanimite rekòmandasyon sipèrentandan an fè a pou chanje non Pwogram McKinley yo an Melvin H. King South End Academy pou onore ansye reprezantan Eta a pou 9yèm Suffolk la, ansyen elèv BPS ak edikatè, ansanm ak avoka pou jèn yo.

**Apwouve** - Nan apèl nominal la, Komite a te apwouve nan inanimite yon Pwotokòl Akò ant Guild Administratif la, Seksyon 888 SEIU a ansanm ak Komite Lekòl Boston nan, anvigè apati 1ye Septanm 2020 jiska 31 Out 2022.

**Apwouve** - Nan apèl nominal la, Komite a te apwouve nan inanimite yon Pwotokòl Akò ant Guild Administratif la, Seksyon 888 SEIU a ansanm ak Komite Lekòl Boston nan, anvigè apati 1ye Septanm 2022 jiska 31 Out 2024.

**Apwouve** - Nan apèl nominal la, Komite a te apwouve nan inanimite yon mosyon pou sispann Atik II, Seksyon 1 nan Règleman Komite Lekòl Boston yo ki t ap egzije Komite a "òganize reyinyon chak ane li a nan premye Lendi nan mwa Janvyè a chak ane." Pwiske premye Lendi mwa Janvyè 2023 a tonbe nan Fèt Nouvèl Ane nou Obsève a, Komite Lekòl la vote nan dokiman sa pou yo òganize reyinyon òganizasyon ayèl 2023 a yo pito 4 Janvyè 2023.

## RAPÒ

**Mizajou Finansyèl, Ane Fiskal 2022-Ane Fiskal 2024** - Direktè Finansyèl, Nate Kuder, te prezante yon mizajou sou estati bidjè pou Ane Fiskal (FY) 2022 a nan fen ane bidjè sa a, estati bidjè pou Ane Fiskal 2023 a, ansanm ak pwoblèm ak planifikasyon insyal pou Ane Fiskal 2024 la. Lèt prezantatè ki te rejwenn Mesye Kuder yo se David Bloom, Direktè Finansyèl Adjwen, ansanm ak Serena LaRocque, Direktris Responsablite Envestisman nan Lekòl la.

Pou Ane Fiskal 2022 a, domèn depans yo pi elve pa rapò ak sa yo te prevwa oparavan yo se: Anplwaye Tanporè, Sèvis Piblik, ak Transpò. Domèn kote nou te idantifye ekonomi operasyonèl epi nou te redefini fon ki disponib yo: Salè Anplwaye yo, Asirans Sante, ansanm ak Sèvis Kontraktiyèl. Malgre chanjman sa yo, BPS te fini ane a kote li respekte bidjè a pandan 32yèm ane konsekitif la. Pou Ane Fiskal 2023 a, ki se ane fiskal aktyèl la, ekip finans lan te prezante mizajou sou Envestisman pou Ane Fiskal 2023 a epi li te bay premye rapò sou depans yo projte

14 Desanm 2022

pou ane fiskal la. Mesye Kuder te ekspriye ke li konfyans ke BPS pral fini ane fiskal la tou kote l ap respekte bidjè a. Seksyon sa nan prezantasyon an te gen ladan l tou yon mizajou sou fon pou Soulajman ann Ijans Lekòl Elemantè ak Segondè (Elementary and Secondary Schools Emergency Relief, ESSER) yo. Prezantasyon an te fini avèk yon apèsi sou bidjè Ane Fiskal 2024 la, kote Sipèntandan an ansanm ak ekip finans lan pral prezante konplètman 1ye Fevriye 2023 a epi l ap kòmanse 1ye Jiyè 2023. Anplis de pataje kad emèjan pou bidjè pou Ane Fiskal 2024 la, ekip la te bay yon apèsi tou sou fason distri a ap planifye dirabilite nan dènye ane ESSER la.

Mesye Cardet-Hernandes te ekspriye enkyetid li konsènan pèspektiv finansyè a pou Ane Fiskal 2025 lan lè fon ESSER yo ekspire. Li te bay avètisman kont itilizasyon aterisaj an dousè yo. Mesye Kuder te ekspriye konsèp kalite fondasyon an ak finansman san risk. Sipèntandan an te di responsab biwo santral yo ap travay avèk responsab lekòl yo pou yo kapab ede yo pran yon seri desizyon estratejik. Mesye Cardet-Hernandez te note ke se ESSER ki finans sipò sosyal emosyonèl yo epi yo dwe pase nan bidjè jeneral la.

Apwouve- Nan apèl nominal la, Komite a te apwouve nan inanimate Rekòmandasyon sipèntandan an fè a pou chanje non de sal nan Madison Park Technical Vocational High School pou onore ansyen manm anplwaye yo, Charles McAfee ansanm ak Jose Solis..

Madam Lopera te poze kesyon sou pwojeksyon ak estrateji enskripsyon an. Mesye Kuder te ekspriye kòman BPS travay avèk Ajans pou Planifikasyon ak Devlopman nan Boston nan pou yo kapab elabore modèl pwojeksyon yo selon divès faktè. Li te di ke BPS anvizaje kolabore avèk yon òganizasyon ekstèn pou yo kapab etidye tandans demografik alontèm yo. Li te di ke enskripsyon aktyèl la se pi gwo eleman ki predi enskripsyon alavni an, pandan kòwòt yo ap deplase nan sistèm nan. Li te di ke BPS pral lanse yon seri konvèsasyon nan katye yo konsènan Green New Deal la.

Mesye Cardet-Hernandez te pale sou valè angajman fanmi Pre-K yo atravè gwoup jwèt yo. Li te avèti ke nan ane k ap vini yo, distri a pral bezwen nouvo revni nan men Vil oswa li pral gen pou l fè konpwomi.

Madam Lopera te mande pou yo repati done sou envestisman ESSER II ak ESSER III lekòl la fè yo. Li te ankouraje distri a idantifye ak pataje meyè pratik yo nan nivo lekòl la. Madam LaRocque te di ke y ap bay Komite a yon mizajou sou bidjè chak mwa a ki gen ladan l enfòmasyon ki detaye sou ESSER.

Mesye O'Neill te ekspriye enkyetid li poutèt kèk lekòl pa t angaje fon ESSER yo. Mesye Bloom te ekspriye ke okenn lajan pa t retounen jwenn eta a depi ane pase. Li te ajoute ke BPS sou bòn vwa pou tout fon yo afekte nan fason ki apwopriye oswa pou depanse totalman avan delè ki endike a. Mesye O'Neill te poze kesyon sou enpak ki genyen nan tandans enskripsyon yo pandan BPS ap elwanye de lekòl presegondè yo epi li adopte yon modèl ki sitou K-6/7-12 ak K-8/9-12. Mesye Kuder te di ke modèl la te pote plis prediksyon pou fanmi yo, pandan li note ke BPS la te kontaste yon ogmantasyon nan enskripsyon nan klas katriyèm ane a nan lekòl ki te ajoute yon klas sizyèm ane. Mesye O'Neill te pale sou enpòtans ki genyen pou enplike fanmi yo nan fizyon lekòl yo.

14 Desanm 2022

Madam Robinson te pale sou difikilte ki gen pou wè ak sipòte lekòl kote to enskripsyon yo ap diminye yo epi enklizyon an ap ogmante. Mesye Bloom te pale de enpòtans ki genyen pou pran desizyon entansyonèl. Madam Robinson te mande si tout lekòl segondè yo ofri Lang Mondyal yo nan kad MassCore la. Prezantatè yo te dakò pou fè swivi. Chèf Sipò Elèv yo, Jillian Kelton, te pale sou investisman distri a fè yo nan pratik jistis reparatris yo.

## KOMANTÈ PIBLIK LA SOU RAPÒ YO

Pa t genyen.

## NOUVO BIZNIS

Doktè Alkins te sijere pou Komite a fè yon konvèsasyon sou kèk enkyetid ki te souleve pandan kòmantè piblik jeneral ki gen rapò ak yon pwopozisyon pou ajoute pòs adisyonèl pou sipò elèv.

Mesye Cardet-Hernandez te mande presizyon sou plan pou fèmti lekòl yo, konsolidasyon, ak fizyon.

## REPÒTE

**Apwouve** - Anviwon 10:41 pm, Komite a te vote nan inanimite, atravè yon apèl nominal, pou ranvwaye reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan  
Sekretè Egzekitif